



SUPERFUND

# Sit Rivyè Lower Neponset Boston/Milton, MA



**PWOGRAM SUPERFUND NAN** pwoteje sante moun ak anviwònman an pandan y ap mennen ankèt epi fè netwayaj nan sit dechè danjere ki souvan abandone yo epi pandan y ap angaje kominote yo nan tout pwosesis la. Anpil nan sit sa yo konplike anpil epi yo bezwen aksyon netwayaj alontèm. Moun ki responsab kontaminasyon sa yo responsab pou peye frè netwayaj yo. EPA ap fè efò pou chanje tè ki te kontamine ak dlo souteren ki te kontamine oparavan yo pou yon itilizasyon ki pwodiktif.

## DESKRIPSYON

Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA) idantifye Sit Superfund Rivyè Lower Neponset la (Sit la) aktyèlman antanke twonson 3.7 mayls nan Rivyè Neponset la apati kote li melanje avèk Mother Brook, ki se yon afliyon Rivyè Neponset la ki sitye nan anlè Dana Avenue nan Hyde Park, epi ki pwolonje desann jiska Baraj Walter Baker Chocolate (ki sitye anlè Adams Street nan Dorchester/Milton). Selon echantiyon EPA te pran nan ane 2023 a, premye mayls nan rivyè a genyen sediman kontamine, tè bò rivyè a, ak dlo sifas epi jeneralman genyen gwo konsantrasyon bifenil poliklore (PCB), diyoksin ak firàn, ak pestisid, metal, konpoze òganik volatil ak konpoze òganik semi-volatil. Sit la genyen limit avèk teren rezidansyèl, komèsyal, endistriyèl, ak teren piblik yo, ki genyen ladan wout vèt Rivyè Neponset la. Istorikman, anpil moulen ak endistri t ap fonksyone toutolon, epi anlè Sit la nan katye Hyde Park yo, Mattapan, Dorchester ak Milton. Moulen sa yo ak lòt etablisman endistriyèl yo nan zòn nan kapab te kontribye nan kontaminasyon rivyè a.

## AKTIVITE K AP VINI

Y ap devlope pwojè Evalyasyon Teknik/Analiz Pri (EE/CA) a, ki se yon pwosesis ak rapò ki gen ladan echantiyon anviwònman, kontwòl, ak enfòmasyon sou sondaj nan nati epi etandi kontaminasyon pou potansyèl metòd netwayaj nan Sit Superfund yo. Yon fwa EE/CA a fini, EPA pral pibliye rapò EE/CA a epi anonse peryòd fòmèl kòmantè piblik la. Anons sa a pral fèt atravè yon seri aktivite sansibilizasyon kominotè, anpil ladan yo dekri nan Plan Patisipasyon Kominotè (CIP) a ki twouve l nan premye paj pajwèb Sit Superfund EPA Rivyè Lower Neponset la nan seksyon "Community Corner" ([www.epa.gov/neponsetriver](http://www.epa.gov/neponsetriver)).

Nan prentan 2025, EPA pral kolekte tou rès dlo sifas la ak echantiyon dlo pò nan tout Sit la. Anplis de sa, EPA pral kòmanse ankèt sou dlo anba tè a pou sipòte efò koleksyon done ki nesès pou reyalize Ankèt pou Reyabilitasyon an.

## KONTAK PRENSIPAL:

### ZANETTA PURNELL

Kominote EPA  
Kowòdonatè Patisipasyon  
8 5 7 - 2 8 6 - 6 7 6 6

### NATALIE BURGO

Direktè Pwojè Mezi pou  
Koreksyon EPA  
617-918-1331  
[burgo.natalie@epa.gov](mailto:burgo.natalie@epa.gov)

### ALEXANDER "TRISTAN" PLUTA

Direktè Pwojè Mezi pou  
Koreksyon EPA  
617-918-1258  
[pluta.alexander@epa.gov](mailto:pluta.alexander@epa.gov)

## ENFÒMASYON

### JENERAL:

**NIMEWO SAN FRÈ  
SÈVIS KLIYANTÈL**  
1-888-EPA-7341

### APRANN PLIS SOU:

[www.epa.gov/neponsetriver](http://www.epa.gov/neponsetriver)

kontinye >>



## PATISIPASYON KOMINOTÈ

**Jounen Pòt Ouvè ak Rankont Piblik** – EPA planifye pou òganize yon seri pòt ouvè ak yon rankont piblik pou soutni efò angajman kominotè ki lye ak EE/CA. EPA pral bay plis enfòmasyon byento, ki gen ladan dat ak kote rankont sa yo pral fèt,

**Peryòd Kòmantè Piblik EE/CA** – Yon "peryòd kòmantè piblik" pou EE/CA a se yon espas tan ki deziyen lè piblik la kapab soumèt kòmantè fòmèl yo sou aksyon pwopozisyon EPA. Kòmantè se yon fason enpòtan pou fè tande vwa w nan desizyon k ap pran. Kòmantè piblik yo ka ranfòse desizyon sou anviwònman yo lè yo bay EPA enfòmasyon oswa pèspektiv ke nou pa te konsidere pandan pwosesis redaksyon pwojè a. Ou ka jwenn konsèy pou fè kòmantè efikas sou aksyon EPA yo isit la: <https://www.epa.gov/publicnotices/tips-providing-effective-comments-epa-actions>.

**Gwoup Konsiltatif Kominotè (CAG)** – Manm kominote ki rete tou pre ak/oswa ki afekte pa Sit la te fòme yon CAG. CAG yo bay yon fason pou manm kominotè yo rasanble epi fè echanj enfòmasyon, pou diskite sou bezwen yo ak enkyetid yo ki gen rapò ak yon netwayaj Sit Superfund ak EPA, epi patisipe nan pwosesis priz desizyon EPA a. Anplis de sa, CAG te jwenn sipò Sèvis Asistans Teknik pou Kominote yo (TASC), ki bay yon konseye teknik endepandan pou eksplike rezilta teknik yo, pou ede kominote a pi byen konprann pwoblèm anviwònman konplèks yo, reponn kesyon kominotè yo, fè kòmantè piblik yo, epi sipòte wòl aktif kominote a nan pwoteje sante piblik ak anviwònman an. Yo aplike sèvis TASC yo espesyalman nan [Faz 1 rapò Memorandòm Rezime Evalyasyon Done a](#) ak pwochen EE/CA a.

Manm CAG yo reprezante yon gran enterè nan kominote a. Si ou enterese aprann plis, oswa si gen posiblite pou w patisipe nan CAG la, tanpri kontakte Kowòdonatè Patisipasyon Kominotè a ki se ZaNetta Purnell: [R1Neponset@epa.gov](mailto:R1Neponset@epa.gov)

## TOUTOLON RIVYÈ A

### Sit PCB Riverside Square a

Sit PCB Riverside Square a sitye toutolon rivaj nò Rivyè Lower Neponset nan zòn Riverside Square nan Hyde Park. Soti nan ane 1930 yo rive nan ane 1970 yo, plizyè endistri ki itilize PCB ki fonksyone nan basen Rivyè Neponset la, youn nan basen ki pi endistriyalize nan peyi Etazini.. An 1962 ak 1964, pou kontwòle inondasyon, Komisyon Distri Metwopoliten an, ki kounya fè pati Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon Massachusetts (Department of Conservation and Recreation, DCR) te drage rivyè a. Dragaj la se pwosesis pou retire sediman (labou) ak debri pou netwaye fon rivyè a avèk yon machin ki rele drag. Yo te mete matyè ki drage yo, oswa "deblè" nan plizyè kote toutolon rivyè a, sa ki kreye esansyèlman nouvo teren. Sit PCB Riverside Square a se youn nan lokal bò rivyè sa yo. Preparasyon pou foraj la ap fèt kounye a, epi travay sou sit la ap kontinye pandan tout ane 2025 lan.



**SUPERFUND**

## **LYEN KI ITIL**

Ankèt pou Reyabilitasyon, Yon pati nan Pwosesis Netwayaj Superfund nan:

<https://www.epa.gov/superfund/about-superfund-cleanup-process>

Mezi Eliminasyon ki pa Kritik Pou Sa Ki Konsènan Tan Nan Kad CERCLA/Superfund na, Ap Fè Evalyasyon Teknik/Analiz Pri (EE/CA):

<https://semspub.epa.gov/work/11/175656.pdf>

Kontaminan ki Bay Enkyetid yo, Bifenil Poliklore (PCB yo):

<https://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/tfacts17.pdf>

Faz 1 nan rapò Memorandòm Rezime Evalyasyon Done a, Done Echantiyonaj pou Premye Mayl nan Pati Anwo Rivyè a:

<https://semspub.epa.gov/work/01/100032178.pdf>



Gwoup Konsiltatif Kominotè (CAG)

<https://www.epa.gov/neponsetriver/stay-updated-get-involved-lower-neponset-river-bostonmilton-ma#CAG>

Sèvis Asistans Teknik pou Kominote yo (TASC), Resous pou Sipò:

<https://www.epa.gov/superfund/technical-assistance-services-communities-tasc-program>

# Lower Neponset River Superfund Site



- ★ Site Beginning/End
- 🚣 Canoe Launches
- 🏰 Dam Location
- 🌊 Neponset River Watershed
- ⊙ Active EPA Short-term Removal Site
- 🟢 Phase 1 Reach Undergoing an Engineering Evaluation/Cost Analysis
- 🟠 Phase 2 Reach
- 📐 Staging Area

EPA Region 1 GIS Center  
INC1561167 Last updated on 1/21/2025

Esri Community Maps Contributors, Boston College Campus GIS, Esri, TomTom, Garmin, SafeGraph, GeoTechnologies, Inc, METI/NASA, USGS, EPA, NPS, US Census Bureau, USDA, USFWS, Esri, NASA, NGA, USGS, FEMA, Boston College Campus GIS, Esri, TomTom, Garmin, SafeGraph, METI/NASA, USGS, EPA, NPS, USDA, USFWS

4 nan 4

